

Fòmilè Egzamen Preliminè Jistis Anviwònmantal

Non Pwojè a	Trout Brook Pwojè Restorasyon Ekolojik
Dat ki Prewa pou Depoze MEPA	31 Jiyè 2026
Non Pwopozisyon an	Edmund Starzec Charter Development estarzec@charter.us (339) 368-1468
Enfòmasyon pou kontakte (pa egzanp, konsiltan)	Gade sa ki anlè a.
Sit entènèt piblik pou pwojè oswa lòt kote fizik kote yo ka jwenn materyèl pwojè (si l disponib)	http://www.troutbrookerp.com/
Minisipalite ak Kòd Postal pou Pwojè (si yo konnen)	Brockton, MA 02302
Kalite Pwojè* (lis tout sa ki aplike)	Restorasyon Ekolojik
Èske sit pwojè a nan yon plenn inondasyon FEMA pou 100 ane ki make yo? Y/N/enkoni	Wi
Estimasyon emisyon GHG nan espas kondisyon (klike isi pou zouti Estimasyon GHG)	Pa aplikab, pa gen okenn espas ki gen kontwòl tanperati (chofaj oswa èkondisyon) ki pwopoze kòm yon pati nan pwojè a.

Deskripsyon Pwojè a

1. Bay yon deskripsyon tou kout sou pwojè a, sa gen ladan gwosè jeneral sit pwojè a ak pye kare nan bilding yo pwopoze ak estrikti a si w konnen l.

Pwojè sa a pral restore apeprè 1,500 pye Trout Brook nan sant vil Brockton lè li ouvri kouran dlo a ankò (daylighting), elaji li, natirize koridò rivyè a, epi rekonekte li ak plenn inondasyon ki antoure li. Travay la pral retire limit ki te kreye pa itilizasyon istorik sit la kòm yon lakou tren (railyard) epi li pral kreye yon kouran dlo ki pi an sante ak pi rezistan, ki kapab jere dlo lapli, amelyore kalite dlo a, epi sipòte abita pou lavi sovaj.

Travay la pral gen ladan fouy ak reamenajman koridò rivyè ki egziste deja a, kreyasyon nouvo zòn plenn inondasyon, konstriksyon basen abita (pools) ak seksyon rapid dlo (riffles), enstalasyon yon chanèl devyasyon, ak estabilizasyon rivaj rivyè a avèk materyèl natirèl ak vejetasyon. Estrikti ponso (culverts) ki egziste yo ansanm ak miray sipò ki asosye avèk yo pral retire pou amelyore fonksyonman rivyè a ak kapasite li pou estoke dlo pandan inondasyon. Pwojè a pral kenbe koule dlo rivyè a pandan konstriksyon an atravè mezi tanporè pou kontwole dlo, ki fèt pou pwoteje kalite dlo a epi minimize enpak sou Trout Brook la.

Pwojè a gen ladan tou restorasyon zòn tè ki adjasan yo atravè jesyon tè, nivelman, ak etablisman vejetasyon natif natal. Pye bwa natif natal, touf bwa, branch vivan pou plante (live stakes), ak melanj grenn yo pral enstale nan tout koridò a pou kreye yon sistèm ekolojik divèsifye ak dirab ki

kapab soutni tèt li. Zòn kote tè a afekte yo pral fouye, jere, epi swa elimine oswa estabilize an konfòmite avèk egzijans anviwònman yo. Amelyorasyon pou aksè piblik yo gen ladan yon santye pou mache ki aksesib selon estanda ADA ak zòn rekreyasyon pasif ki pral konekte rezidan yo ak resous natirèl ki restore a.

Lè pwojè a fini, li pral kreye yon sistèm fonksyonèl rivyè iben ak plenn inondasyon ki diminye risk inondasyon, amelyore sante ekolojik la, epi sipòte devlopman nan lavni.

[Gade plan pwojè pwopoze a pou plis enfòmasyon.](#)

2. Lis papòt revizyon MEPA antisipe (301 CMR 11.03) (si yo konnen l)

Kòm pwojè sa a se yon Pwojè Restorasyon Ekolojik dapre règleman DEP yo, yon revizyon konplè anba MEPA pa obligatwa. Charter pral soumèt yon Avi sou Pwojè Restorasyon Ekolojik (Notice of Ecological Restoration Project – NERP) bay MEPA.

Yo prevwa pwojè a pral depase papòt ki etabli pou “modifikasyon 500 pye lineyè oswa plis nan rivaj (bank) ki bò yon pasaj pwason (fish run) oswa yon rivaj andedan tè (inland bank).”

3. Lis tout pèmi leta, lokal ak federal yo prevwa ki nesesè pou pwojè a (si yo konnen l)

- ☐ **Avi sou Pwojè Restorasyon Ekolojik MEPA (MEPA Notice of Ecological Restoration Project – NERP)**
- ☐ **Avi Entansyon (Notice of Intent) bay Komisyon Konsèvasyon Vil Brockton**
- ☐ **Pèmi Seksyon 404 Lwa sou Dlo Pwòp (Clean Water Act) Kò Enjenyèr lame Etazini (Army Corps)**
- ☐ **Sètifikasyon Kalite Dlo 401 MassDEP (ka aplikab selon sikonstans yo)**

4. Idantifye popilasyon EJ ak karakteristik yo (Minorite, Revni, Izolasyon Angle) rive jiska 5 mil nan sit pwojè a (voye yon kat jeyografik ki idantifye reyon 5 mil ki nan [EJ Maps Viewer](#) nan plas naratif)

Tout Vil Brockton la konpoze de gwoup blòk ki klase kòm Kominote Jistis Anviwònmanal (Environmental Justice – EJ). Tout gwoup blòk nan vil la satisfè kritè minorite yo, epi anpil ladan yo satisfè tou kritè ki gen rapò ak revni ak izòlman lengwistik (English isolation). Anplis de sa, andedan reyon senk (5) mil la, genyen plizyè gwoup blòk EJ ki satisfè kritè minorite yo nan Vil Avon ak Vil Stoughton ([gade kat ki atache a](#)).

5. Idantifye nenpòt minisipalite oswa zòn resansman ki satisfè definisyon "kritè EJ sante vilnerab" nan [Zouti DPH EJ](#) ki sitiye an antye oswa an pati nan yon reyon 1 mil nan sit pwojè a

Gen plizyè sektè resansman (census tracts) ki satisfè definisyon kritè Jistis Anviwònmanal (EJ) pou popilasyon ki gen pwoblèm sante vilnerab nan yon reyon yon (1) mil alantou sit pwojè a. Sa gen ladan espesyalman sektè ki gen yon gwo pousantaj moun ki gen nivo plon ki wo nan san (elevated blood lead prevalence) ak yon gwo pousantaj tibebe ki fèt ak pwa ki ba (low birth weight prevalence) ([gade kat ki atache a](#)).

6. Idantifye enpak potansyèl ki gen sou anviwonman ak sante piblik a kout tèms e alontèm ki ka afekte Popilasyon EJ yo ak nenpòt mitigasyon yo antisipe.

Yo pa prevwa ke pwojè pwopoze a pral gen okenn enpak negatif sou sante piblik alontèm. Travay konstriksyon an pral enplike itilizasyon ekipman lou epi li pral lakòz kamyon fè depasman nan zòn ki toupre sit la. Sepandan, yo pral itilize pi bon pratik yo pou minimize emisyon yo ak diminye deranjman pou katye ki antoure yo.

7. Idantifye benefis pwojè yo, sa gen ladan "Benefis Anviwònman" jan sa defini nan 301 CMR 11.02, ki ka amelyore kondisyon anviwònman an oswa sante piblik popilasyon EJ la.

Pwojè pwopoze a pral bay anpil benefis anviwònmantal pou piblik la, ki pral amelyore kondisyon anviwònman an dirèkteman atravè ouvèti (daylighting) ak restorasyon Trout Brook la kòm yon espas ouvè ki aksesib pou piblik la.

8. Dekri ki jan kominote a ka mande yon reyinyon pou diskite sou pwojè a, ak ki jan kominote a ka mande sèvis entèpretasyon nan lang oral nan reyinyon an. Espesifye kijan pou mande lòt akomodasyon, tankou reyinyon apre lè travay yo ak nan kote ki toupre transpò piblik.

Piblik la ka mande yon reyinyon pou diskite sou pwojè a lè yo kontakte Edmund Starzec nan Charter Development nan nimewo (339) 368-1468 oswa pa imèl nan estarzec@charter.us. Charter pral bay sèvis entèpretasyon si sa nesesè epi li pral pran dispozisyon pou satisfè demann ki gen rapò ak lè ak kote reyinyon an.

** Kalite Pwojè MEPA [Remak: ou ka sote lis sa lè w ap pase fòmilè sa a.]*

Atik 97	Marigwana
Agrikilti	Endistriyèl Marin
Èpòt	Plan Prensipal - Devlopman
Akwakilti/Mortaj	Plan Prensipal – Plan Renouvèlman Iben
Nouriti Plaj/Kotyè	Lòt (Espesifye)
Enfrastrikti kotyè	Rekreyasyon
Komèsyal - Biwo/Lab/R&D	Regleman
Komèsyal - Otèl	Ratrapaj
Komèsyal - Depo	Rezidansyèl
Komèsyal-Vant an Detay	Rezilyans
Retire Baraj	Dechè ki solid
Reparasyon/Ranplasman Baraj	Transpò – Wout/transpò
Dragaj	Transpò - Tras
Restorasyon ekolojik	Dlo ize – Tretman/transpòtasyon
Jenerasyon enèji	Dlo ize - CWMP
Depo enèji	Pwovizyon Dlo - Nouvo Sous
Transmisyon enèji	Pwovizyon Dlo - Tretman/transpòtasyon
Endistriyèl	
Enstitisyonèl - Edikasyon	

Trout Brook

Plan Restorasyon Ekolojik
Plan Jeneral Konseptyèl




Lejand

- 1 Trout Brook ak tali 3:1 ak kanal reamenaje
- 2 Basen Konstwi
- 3 Zòn Kouran Rapid
- 4 Kanal Devyasyon
- 5 Chemen Aksesib pou Tout Moun
- 6 Limit Travay la
- 7 Pwochen Travèse Pyeton pou Taber Ave.
- 8 Plantasyon nan Plenn Inondab Ba (Zòn Idrìk)
Inondasyon Souvan (10 Ane)
- 9 Plantasyon nan Plenn Inondab Wo (Zòn Mezik)
Inondasyon Peryodik (100 Ane)
- 10 Plantasyon nan Zòn Tranzisyon Tè Wo
Inondasyon Ra (>100 Ane)
- 11 Zòn Restorasyon Tè Wo


Plan Referans

- Plenn Inondab ki Pi Ba
- Plenn Inondab Ba
- Zòn Tè Wo
- Limit Travay la




Trout Brook *Proyecto de Restauración*

Sección Ilustrativa




Seksyon A-A

Echèl: 1:12




Seksyon B-B

Echèl: 1:12



Popilasyon Jistis Anviwònman Massachusetts 2020 yo Nan yon reyon 5 mil alantou Pwojè Restorasyon Ekolojik Trout Brook la




Eksplikasyon

- Minorite
- Minorite ak Revni
- Minorite and Izolasyon Lang Angle
- Minorite, Revni ak Izolasyon Lang Angle

Sitasyon: <https://www.mass.gov/info-details/massgis-data-2020-environmental-justice-populations>

Seksyon Resansman Jistis Anviwònman Sante Vilnerab Nan yon reyon 1 mil alantou Pwojè Restorasyon Ekolojik Trout Brook la



Sitasyon: Zouti Jistis Anviwònman Depatman Sante Piblik Massachusetts la